Приложение 6
к АООП НОО с НОДА

**ФОНД ОЦЕНОЧНЫХ СРЕДСТВ**
по учебному предмету
«Родной (чеченский) язык»
для обучающихся с НОДА (вариант 6.2)
2 класс, УМК «Школа России»

Разработчик: учителя начальных классов

Грозный
2023г

# ПОЯСНИТЕЛЬНАЯ ЗАПИСКА

Контрольные диагностические работы по родному (чеченскому) языку составлены на основании:

- ФГОС начального общего образования обучающихся с ограниченными возможностями здоровья. (Утвержден приказом Министерства образования и науки РФ от 19.12.14г №1598);
- Абат. Э.Х. Солтаханов, И.Э. Солтаханов, С.Э. Эдилов. «Грозненский рабочий» 2022 шо. (Сборник рабочих программ «Школа России» 1 – 4 классы. – Москва.:)
- Адаптированной рабочей программы по учебному предмету «Родной (чеченский) язык». Данные диагностические работы адаптированы для проверки знаний обучающихся с НОДА.

**Цель**: Определить уровень сформированности у обучающихся знаний, умений, навыков по предмету Родной (чеченский) язык за 2 класс.

**Назначение контрольных заданий.**

Основной целью диагностических работ является объективная оценка уровня овладения знаниями, умениями и навыками по родному (чеченскому) языку 2 класса с НОДА.

**План и структура контрольных заданий**. Диагностические работы содержат базовые задания, позволяющие проверить освоение базовых (опорных) знаний и умений по предмету, без которых невозможно успешное продолжение обучения на следующей ступени.

Задания представлены в двух-трех вариантах, различающихся по содержанию и уровню сложности. В связи с учетом особенностей психофизического развития, индивидуальных возможностей, грамматические задания к контрольным диктантам в первом полугодии во 2 классе исключены,

**Время выполнения работы.**

Время выполнения работы 40 минут.

**Паспорт фонда оценочных средств**
для проведения текущего контроля успеваемости
и промежуточной аттестации
по учебному предмету **Родной (чеченский) язык**

| № п/п | Контролируемые разделы (темы) учебного предмета, курса, дисциплины (модуля) | Наименование оценочного средства |
|---|---|---|
| 1 | Йуьхьанцара хаарш | Талламан болх |
| 2 | Аьзнаш а, элпаш а | Талламан болх №1«Машар» |
| 3 | Нохчийнабат | Хьалхарчу чийрикан хаарш талларан талламан диктант «Дешархо» |
| 4 | Дош а, дешдакъа а | Талламан т1ера схьайаздар № 1 «Гуьйре». |
| 5 | Предложени а, текст а | Талламан болх № 2 «Дог1а» |
| 6 | Шалха элпашца билгалдеш долу мукъа а, мукъаза а аьзнаш | Шолг1ачу чийрикан хаарш талларан талламан диктант «Школан беш». |
| 7 | Шалха элпашца билгалдеш долу мукъа а, мукъаза а аьзнаш | Талламан т1ера схьайаздар № 2 «Ц1ахь». |
| 8 | Къамелан дакъош «Х1уманаш билгалъен дешнаш» | Кхоалг1ачу чийрикан хаарш талларан талламан диктант «Хьуьнхахь». |
| 9 | Х1уманийн дар билгалден дешнаш | Талламан болх № 4 «Хьоза» |
| 10 | Шеран хаарш | Шеран хаарш талларан талламан болх «Тхан доьзал». |

**Чуваларан (входной) талламанболх**

**Талламан болх**

**«Тхан школа»**

Тхан школа хазачу меттехь йу. Школан кораш даккхий ду. Корашна т1ехь зезагаш лаьтта. Оха царна хи туху. Хаза ду тхан класса чохь. Оха дика доьшу.

Словарни диктант

Дош, дог1а, урок, шовда, нана, дешархо, машар, дика, к1ант, зу, стаг, цициг.

**Талламанболх №1**

**«Машар»**

Машар бохург дика дошду. Вайна машар беза. Машарехь адамаша болх бо, уьш дика деха. Вайн Даймахко машарехьа къийсам латтабо.

Словарни диктант

Бераш, б1аьсте, гуьйре, г1аш, аренаш, малх, урок, аьхке, суьйре.

**Хьалхарчу чийрикан хаарш талларан талламан диктант**

**«Дешархо»**

Ас дика доьшу. Ас нанна г1о до. Нанас суна, дика к1ант ву, олу. Со школе т1аьхьа ца вуьсу.

Словарни диктант

Бераш, б1аьсте, гуьйре, г1аш, аренаш, малх.

**Талламан т1ера схьайаздар № 1**

**«Гуьйре».**

Диттийн г1аш мажделла. Денош дацлуш ду. Олхазарш бовхачу махка д1аоьху. Арара ялташ чудерзийна. Дешархой деша буьйлабелла.

Словарни диктант: дитташ, дика, шовда, шийла, сирла.

**Талламанболх № 2**

**«Дог1а»**

Ловза ваханера Ваха. Дог1а туьйхира. Ваха ц1а ведира. Не1арна дог1а тоьхна карийра цунна. Нана ц1а йаллалц учахь 1ен дийзира Вахин.

Словарни диктант: урок, аьхке, суьйре, борз, стигал, беш, асар.

**Шолг1ачу чийрикан хаарш талларан талламан диктант**

**«Школан беш»**

Школан йоккха беш йу. Дукха дитташ ду бешахь. Дешархоша бешахь белхаш бо. Цара дика 1алашйо иза. Цундела дитташ т1е дукха стоьмаш а латабо.

Словарни диктант: дог1а, нана, да, дада, хаза, машар, йиша.

**Талламан т1ера схьайаздар № 2 .**

**«Ц1ахь»**

Ас сайн нанна г1о до. Цуьнан г1уллакхаш дукхаду. Ас хи а дохьу, пхьег1аш а йуьлу. Бедарш йитта пурба цало суна нанас. Йоккха хилчхьана, йьуттуьйтур йу, олу. Сихха йоккха хилахьара со.

**Грамматически тlедиллар:** шалхачу элпашна к1ел сиз хьакха.

Словарни диктант: нана, йиша, ваша, да, деваша, дейиша, денана.

**Кхоалг1ачу чийрикан хаарш талларан талламан болх.**

**Хьуьнхахь**

Тхан йуьртана гена йац хьун. Баккхийчаьрца воьду со хьуьнха. Хаза хуьлу хьуьнхахь. Дукха башха эшарш лоькху олхазарша. Оха ц1азамаш лехьадо. Хьуьнха доьлхуш сан сакъерало.

**Грамматически т1едиллар:** Кхоалг1ачу предложенехь мукъаза элпашна к1ел сиз хьокхуш билгалдаха.

Словарни диктант: горга, шийла, сирла, лоха, мерза, хаза, малха.

**Талламанболх № 4**
**«Хьоза»**

Тха нкертахь кест-кеста жима хьоза го. Иза тхан кора юххе охьахуу. Цо хаза эшарш лоькху. Ас цуьнга ладоьг1у. Иза соьх ца къаьхка. Ас цунна цуьргаш тосу.

**Грамматически т1едиллар:** Шолг1ачу предложенехь мукъачу элпашна к1ел сиз хьокхуш билгалдаха.

Словарни диктант: кад, бошхап, йай, чайник, стака, урс,

**Шеран хааршталлара нталламан болх**

**«Тхан доьзал».**

Сарахь ц1а гулло тхан доьзал. Со урокаш ян охьахуу. Дас газета доьшу. Нанас юург кечйо. Йишас суьрташ дохку. Яах1ума яьлча, цхьаьна стоьлагонаха охьаховшу тхо.

Массара бертахь х1ума юу.

**Грамматически т1едиллар:**

1. Шалхачу элпашна к1ел сиз хьакха.
2. Дешдакъошца декъа дешнаш: сарахь, доьзал.

Словарни диктант: лоха, лекха, горга, сийна, к1еда, хьоме, шуьйра.